



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIPÒ SIPLEMANTE GOUVÈNMAN FEDERAL LA
POU BAY EKIP MEDIKAL MILITE YO NAN LOPITAL YO NAN REJYON NÒ ETA A**

***Ekip medikal militè yo ap deplwaye nan Strong Memorial Hospital nan Rochester
ak SUNY Upstate University Hospital nan Syracuse***

***Demann Gouvènè a pou pwolonje ekip medikal militè ki egziste nan sant medikal
Konte Erie nan Buffalo te apwouve tou, kounye a li fonksyonèl jiska 10 mas***

***Anons lan chita sou sipò ki egziste deja ki soti nan Depatman Sante ak Sèvis
Sosyal ak Depatman Defans Etazini an pou bay soulajman pèsònèl esansyèl nan
sistèm lopital yo nan Eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a resous siplemantè ki soti nan gouvènman federal la pral rive nan Eta New York bonè nan 7 fevriye k ap bay soulajman siplemantè pou lopital yo pandan vag ivènal COVID-19 la, ki pral ede pèsònèl lopital ak sistèm ki sichaje yo nan semèn k ap vini yo. Strong Memorial Hospital (URMC) nan Rochester ak SUNY Upstate University Hospital ta dwe resevwa asistans nan men Ekip Medikal Militè (Military Medical Teams, MMT) Depatman Defans Etazini an apati fevriye. Ekip Medikal pou Katastwòf nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an te bay SUNY Upstate asistans jiska 26 janvyè. Yo estime nouvo ekip yo ap gen 20 manm chak, ki gen ladan doktè, enfimyè, teknisyen respiratwa ak pèsònèl kòmand. Yo pral ede nan konpanse kapasite pasyan yo epi yo pral mobilize pou apeprè 30 jou. Anplis de nouvo ekip yo ki dwe rive, Gouvènè Hochul te anonse tou yon pwolongasyon 30 jou nan deplwaman MMT ki egziste nan Sant Medikal Konte Erie a, ki pral pwolonje jiska 10 mas.

"Nou rekonesan anvè Prezidan Biden dèske li onore demann nou pou èd siplemantè nan lopital nan rejyon nò yo, ki anba presyon akòz vag ivènal aktyèl COVID la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekip sa yo pral kontribiye anpil nan ranfòse sistèm swen sante nou yo, avèk ekip k ap sipòte lopital yo nan Lwès New York, New York Santral ak Finger Lakes kounye a. M ap kontinye travay avèk Prezidan Biden ak patnè nou yo nan gouvènman federal la pou pote plis resous nan New York pou pèmèt nou travèse faz vag ivènal sa a".

Resous yo anonse jodi a apiye sou resous aktyèl gouvènman federal la deja deplwaye nan Eta New York, tankou Ekip Medikal Militè nan Sant Medikal Konte Erie, youn nan North Central Bronx ak youn nan Coney Island nan Vil New York.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Gouvènè Hochul ak tout ekip eta a konsantre anpil sou bay sipò ak pwofesyonèl sante premye liy nou yo nenpòt kote nou kapab. Sa gen ladan travay avèk patnè federal nou yo pou pote resous siplemantè nan pèsònèl nan Eta a. Mwen rekonesan anvè HHS ak DOD dèske yo voye ekip sa yo nan Strong Memorial ak SUNY Upstate; ekip yo pral ede mendèv sante New York la pandan vag ivènal sa a ak soulaje estrès sou sistèm lopital nou yo. Nan Divizyon an, n ap kontinye travay avèk ajans patnè nou yo, anba lidèchip Gouvènè Hochul, pou sekirize resous siplemantè pandan semèn k ap vini yo pou ede tout Nouyòkè yo travèse vag sa a".

Gouvènè Hochul kontinye mande sipò pèsònèl medikal siplemantè nan rejyon nò eta a. Jiskaprezan, apeprè 70 manm pèsònèl soti nan ekip sa yo nan New York.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)